



Hillside Agriculture Program

Taye pye kafe pou yon pwodiksyon



pi estab e pi anpil


Fich Teknik FT-04

Pi fò jaden kafe en Ayiti pwodi mwens pase 50% sa ki pwodi nan lòt peyi kote plantè yo itilize pratik kilti syantis agrikòl te devlope nan lane 1940 ak 1950 yo. Fich teknik sa, yo fè li pou bay pwodiktè kafe an Ayiti enfòmasyon sou "nouvo" teknik sa yo.

Pwodiksyon kafe ak Relasyon li ak Laj Branch Pye Kafe Yo

Pye kafe pwodi pifò seriz kafe sou branch ki gen ant de (2) ak twa (3) lane. Donk, si yo pa taye pye kafe yo, ya va pwodi kafe pwèske sèlman sou yon ti kantite branch sou rebò kote pye kafe a ap grandi. **Dyagram A** swivi montre relasyon ant kwasans pye kafe a ak pwodiksyon grenn kafe yo. Si ou gade byen, wa wè seriz kafe yo pouse sitou sou branch ki nan dezyèm oswa twazyèm lane yo.

Dyagram A



Sistèm Beaumont-Fukunaga pou Taye Pye Kafe

Pwodiktè kafe nan lòt peyi taye yon pati nan pye kafe yo chak ane, pou sa ka toujou gen pi plis kantite posib branch ki gan de-twa lane kap pwodi kafe chak ane. Kèk nan plantè yo taye yon pati nan chak pye kafe chak ane; men, pou ka fè kalite tay sa, fòk ou gen yon sèten nivo konesans pou ka chwazi bon branch ki merite koupe chak ane yo. Agwonòm Beaumont ak Agwonòm Fukunaga, kap travay nan Inivèsite Awayi, dekouvri li pi fasil, e menm, li pi pwodiktif si kareman ou taye tout pye kafe yo nan ran pye kafe ki te chwazi pou taye nan yon jaden kafe. Taye kareman, sa vle di yo koupe pye kafe yo a pe prè nan wotè jenou yon moun, e sa ki rete nan li, se yon chouk ki gen yon wotè a pe prè 0.4 mè. Fòk li koupe swa,

ni tou fòk li koupe nan yon ang, pou dlo pa ka vin sanble nan kote li koupe a.

Lè kafe nou te koupe repouse epi branch repouse yo rive 18-24 pouse de longè, nou dwe seleksyone 3-4 pami yo pou kite yo grandi epi rest repouse yo nou dwe koupe yo. Konsa, nap kite sulman 3-4 repouse yo grandi. Nou dwe passe nan jaden de tens a ten epi koupe tout nouvo repouse kap repouse otou 3-4 repouse nou te kite grandi.

Plantè ki aplike teknik tay sa, yo plante jaden kafe yo an fòm plizyè ran, ni tou nan tèt yo, yo separe ran sa yo pa gwoup kat ran chak. Chak ane, yo kareman taye tout pye kafe ki nan yonn nan kat ran yo nan chak gwoup kat ran. Yo taye pye kafe yo nan lòt ran yo an swivan, pou chak ran ka taye kareman chak kat lane. **Dyagram B** a, montre sik tay kat ran yo. Foto 1 an montre yon pye kafe nan Bomon plizyè mwa apre yo te taye li kareman. Gade byen, wa wè gen nouvo branch kape pouse sou chouk pye kafe yo te taye kareman yo.

Reòganizasyon Jaden Kafe an Ayiti

Plantè en Ayiti ki ta vle ogmante pi plis posib pwodiksyon kafe li ta dwe reòganize jaden li pou range kafe li yo nan ran epi kite de (2) mè espas ant chak ran, ni tou de (2) mè espas ant chak plan kafe nan chak ran.

Dyagram B a montre griy plantasyon sa. Si yo plante konsa, chak kawo tè gen 3225 pye kafe. Pour range jaden konsa plantè dwe itilize kèk kòd byen long pou yo ka etabli mòd plantasyon sa nan jaden yo. Apre, yo ta wete o swa ajoute plan kafe kote ki bezwen sa, pou yo ka swiv modèl sa nan jaden yo. Pou sa ka fèt, li pwobab fòk yo deplase kèk plan ki pa nan bon liy pou mete yo nan bon pozisyon nan ran selon modèl la. Deplase plan kafe se yon bagay ki fasil. Pandan sezon lapli, jenn



Pye kafe te taye kareman

plan yo detere fasil, ni tou yo replante fasil nan yon twou atè a ki prepare pou resevwa yo e ki gen yon pati ladan ki plen ak konpòs. Fòk yo plante plan kafe yo yon manyè pou rasin yo ak tij yo nan menm nivo pa rapòt ak atè a, ak nivo kote yo te rive anvan yo te detere yo a. Yo deplase pye kafe pi granmoun, menm jan yo deplase jenn plan kafe, sòf ke fòk pye kafe yo byen taye anvan yo detere yo.

Sik taye ran yo

- Ran 1**
Te taye kareman lane sa-a
- Ran 2**
Taye'l twazyèm ane
- Ran 3**
Taye'l dèsyèm ane
- Ran 4**
Taye'l lane pwochen

Dyagram B: Griy plantasyon Beaumont-Fukunaga

